

Address

3501 Harry Langdon Boulevard
Council Bluffs, Iowa 51503

Phone (712) 366-0571

Fax (712) 366-3218

Web iowaschoolforthe deaf.org

17 septanm 2021,

Chè Paran:

Lendi pase, Jij Tribinal Distri Etazini an Robert Pratt te pibliye yon lòd restriksyon tanporè ki kanpe aplikasyon yon lwa eta pou entèdi mete mask. Semèn pase a, kèk lekòl nan distri Iowa a te retounen ak lòd pou mete mask. Mwen te pale sa ak biwo Konsèy Administrasyon an. Nan moman sa a, administrasyon lakou lekòl ISD a p ap retounen ak pwotokòl ane pase yo ki mande pou tout moun mete mask andedan batiman yo. Tou depan de lòd final jij la epi an akò ak Konsèy Administrasyon an, nou ka chanje pwotokòl la nan lè sa.

Mwen vle repete sa m te di nan kominike nan kòmansman lekòl la. Menmsi kèk nan manm pèsònèl yo ak enpe nan elèv yo te teste pozitif pou COVID, ane pase a, nou pa gen okenn prèv ki montre viris la pwopaje sòti nan manm pèsònèl yo ale sou elèv yo oubyen sòti sou elèv yo ale sou manm pèsònèl yo. Mwen ankouraje ou anpil pou fè pitit ou a mete yon mask paske:

- Nou tout te mete mask ane pase a epi nou te reyisi nan limite pwopagasyon COVID sou lakou lekòl yo.
- Rechèch ak prèv yo montre mete mask diminye pwopagasyon COVID, grip ak lòt maladi viral.
- CDC rekòmande maskaj inivèsèl andedan pou tout pwofesè, manm pèsònèl, elèv ak vizitè nan lekòl K-12 yo, kèlkeswa estati vaksinasyon yo.

Mwen ta renmen fè w sonje tou mete yon mask rete yon desizyon pèsònèl. Mwen espere manm pèsònèl nou ak paran yo respekte chwa youn lòt nan afè sa.

Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou CDC nan [Science Brief: Transmisyon SARS-CoV-2 nan lekòl K-12 ak Pwogram Swen Sante ak Edikasyon Preskolè - Mizajou | CDC](#)

Mèsi pou sipò ou pandan n ap travay ansanm pou asire timoun ou yo san danje epi pou nou gen yon ane lekòl ak siksè.

Ak tout senserite,

Steve Gettel